

Bunker Hill Community College

Division of Workforce Development - Language Institute

Klas anglè de baz kòm dezyèm lang (BESL)

Kou BESL yo se kou ki pa kredite, ki fèt pou elèv ki gen konesans limite nan lang angle a epi ki ta vle avanse nan kou akademik ESL. Klas yo prepare elèv k ap aprann angle pou klas kolèj, biwo, oswa lavi chak jou nan kominate a. Si objektif ou se genyen yon sètifica oswa yon pi gwo degre nan Bunker Hill Community College pou ka avanse nan travay ou oswa kòmanse amelyore ladrès anglè ou, pwogram ESL Debaz sa a se pou ou.

Avi: Gen kèk klas Otòn 2020 ki pral fèt sou entènèt oswa adistans. Tanpri gade nan Paj Web la oswa kontakte enstriktè ou a konfime ki kote.

Anvan yo enskri, elèv yo dwe pran yon tès plasman anvan. Gade anba nèt plis enfòmasyon.



Kou yo ofri:

Pale anglè Debaz/Koute ak Li/Ekri BLL-001e \$389

Kou Entwodiksyon sa a se pou moun ki pa natif yon peyi anglè ki vle kòmanse aprann angle.

FM1	M/W	6-7:50 p.m.
FS1	Sa	8:15-1:55 a.m.
FS2	Sa	12-3:40 p.m. Sept. 14 – Dec. 20, 2020

Pale/koute ak Li/Ekri Nivo I BSL-001e \$389

Klas Nivo 1 sa a bay fondasyon pou kat konpetans prensipal lekti, ekriti, pale ak koute. Li bay Konpetans ki gen rapò ak vokabilè, ôtograf, pwononsyasyon, siyifikasyon ak itilizasyon mo yo.

F01	T/Th	8-9:50 a.m.
F02	F	8-11:55 a.m.
F03	M/W	11-12:50 a.m.
FH1	Th	6-9:40 p.m.
FM1	M/W	6-7:50 p.m.
FS1	Sa	8:15-11:55 a.m. Sept. 14 – Dec. 20, 2020

Pale/Tande epi Li/Ekri Nivo II BSL-002e \$389

Klas Nivo 2 sa a pral ofri yon apwòch konpetans-entegre pou aprann angle. Elèv yo ap li atik ki pi long, diskite yo nan gwoup, reponn kesyon konpreyansyon, ekri paragraf ak

disètasyon kout, epi pratike tande yo ak pale yo.

F01	M/W	8-9:50 a.m.
F02	M/W	10-11:50 a.m.
F03	T/Th	11-12:50 a.m.
F04	F	8-11:40 a.m.
FH1	Th	6-9:45 p.m.
FS1	Sa	12-3:40 p.m.
FS2	Sa	8:15-11:55 a.m.
FT1	T	6-9:40 p.m. Sept. 14 – Dec. 20, 2020

Pale/Koute ak Li/Ekri Nivo III BSL-003e \$389

Klas Nivo 3 a ofri yon apwòch konpetans-entegre pou aprann anglè. Elèv yo ap li atik ki pi long yo epi fè kèk prezantasyon tou kout. Pi lwen, yo pral devlope konpetans nan lang angle a, nan gramè ak vokabilè atravè lekti, ekriti, ak diskisyon nan divès tèm.

F02	T/Th	8-9:50 a.m.
F05	M/W	11 a.m.-12:50 p.m.
FM1	M/W	6-7:50 p.m.
FS1	Sa	8:15-11:55 a.m.
FS2	Sa	12-3:40 p.m.
FSU	Su	12-3:40 p.m.
FT1	T/Th	6 – 7:50 p.m.
FT2	T	6– 9:40 p.m. Sept. 14 – Dec. 20, 2020

Kontinye sou nan lot paj >

AKSYON AFIMATIF ak règleman sou opòtinité epi egalite pou tout moun, Bunker Hill Community College pa fè diskriminasyon sou baz ras, kwayans, reliyion, koulè, sèks, oryantasyon seksyèl, idantite sèks, laj, andikap, enfòmasyon jeneti, estati konje matènité, dosye kriminèl oswa orijin nasyonal nan pwogram edikasyon li yo oswa nan admisyon nan. aksè nan, tretman nan oswa travay nan pwogram li yo oswa aktívite jan sa egzije nan Title VI, Civil Rights Act of 1964; Title IX, education amendments of 1972; ak Seksyon 504, Lwa 1973 sou Reyabilitasyon ak règleman yo te piblilye sou sa.

Bunker Hill Community College
Division of Workforce and Economic
Development-Language Institute
Charlestown Campus H-Building, Room H115

250 New Rutherford Ave., Boston, MA 02129
Phone: 617-228-2462 | Fax: 617-228-2080
Email: commed@bhcc.edu
bhcc.edu/workforce | bhcc.edu/ce

Bunker Hill Community College
Division of Workforce Development - Language Institute

Klas anglè de baz kòm dezyèm lang (BESL)

kontinye

Pale/Koute ak Li/Ekri Nivo IV
BSL-004e \$389

(pa obligatwa pou antre nan ESL
akademik)

Nan BSL-004, elèv yo ap kontinye devlope konpetans prensipal yo te aprann nan soti nan BSL-001 rive BSL-003. Nou pral ranfòse konpetans ekriti yo nan sèvi avèk teknik tankou ekri plizyè projè bwouyon, revizyon, koreksyon, ak koreksyon ki fon toujou. Kou a ap prepare elèv yo pou delivre bon prezantasyon oral nan gwo gwoup

pandan yo ap sèvi avèk sipò vizyèl, sous segondè, epi ak vokabilè bon nivo ki apwopriye. Elèv yo ap li atik, fè diskisyon ak deba, travay nan gwoup, epi ekri refleksyon pou fè yo kominike natirèlman nan lang angle.

Klas sa a ofri bon pratik pwononsyasyon epi bon modifikasyon aksan.

F02	T/Th	8-9:50 a.m.
FS1	Sa	12-3:40 p.m.

Sept. 14 – Dec. 20, 2020

Anvan w anrejistre:

Pou enskri pou nenpòt kou Anglè Debaz nou site yo, elèv yo dwe pran yon tès plasman:

Ale nan: cambridgeenglish.org/test-your-english

byen anrejistre rezulta yo pou ede n mete ou nan bon klas la.

Klas Otòn 2020 yo ap kòmanse 14 Septan ak fini 20 Desanm.

Pri a se \$389 pou chak klas.



Division of Workforce & Economic Development - Language Institute
Charlestown Campus H-Building, 570 Rutherford Ave. <https://www.bhcc.edu/ce>
Sonia Sharma
Phone: 617-228-2462
Fax: 617-228-2080
Email: Commed@bhcc.edu